

Rasa Sumelange Paraga Utama sajrone Novel *Ngenteni Rembulan Ndhadhari* Anggitane Yes  
Ismie Suryaاتمaja: Psikoanalisis Sigmund Freud

**RASA SUMELANGE PARAGA UTAMA SAJRONE NOVEL NGENTENI REMBULAN  
NDHADHARI ANGGITANE YES ISMIE SURYAATMAJA (TINGINGAN  
PSIKOANALISIS SIGMUND FREUD)**

**Desy Setyawati**

Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni , Universitas Negeri  
Surabaya,

[desysetya440@gmail.com](mailto:desysetya440@gmail.com)

**Prof. Dr. Hj. Darni, M.Hum**

Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas  
Negeri Surabaya

**Abstrak**

Masalah kapribaden iku mesthi dinduweni saben manungsa. Masalah kapribadene saben manungsa iku bisa uga rasa sumelang kang disandhang. Novel kanthi irah-irahan *Ngenteni Rembulan Ndhadhari* anggitane Yes Ismie Suryaاتمaja nyeritakake lelakone paraga utama Suli kang nduweni masalah kapribaden kang ana ing kajiwane yaiku rasa sumelang. Rasa sumelang kang disandhang paraga Suli iku tuwuh jalaran *id*, *ego*, lan *superego* ora salaras. Paraga utama uga nduweni cara kanggo ngadhepi rasa sumelange kanthi v cara *mekanisme pertahanan ego*. Adhedhasar kahanan kasebut, novel *Ngenteni Rembulan Ndhadhari* anggitane Yes Ismie Suryaاتمaja bakal kadhudhah kanthi tingingan psikoanalisis Sigmund Freud. Panliten kang migunakake tingingan psikoanalisis Sigmund Freud iki mujudake panliten kualitatif dheskriptif. Dhata sajrone panliten iki arupa tembung-tembung lan ukara-ukara kang ngandharake ngenani perangan struktur kapribadene, rasa sumelange, lan *mekanisme pertahanan ego* paraga utama kang dijupuk saka sumber dhata, yaiku novel *Ngenteni Rembulan Ndhadhari* anggitane Yes Ismie Suryaاتمaja. Dhata-dhata kasebut dikumpulake kanthi teknik studi kapustakan, maca, nyathet lan klasifikasi. Analisis dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku dheskriptif. Teori kang digunakake kanggo analisis dhata yaiku teori psikoanalisis Sigmund Freud mligine rasa sumelang (*kecemasan*). Asil panliten iki bisa didudut menawa paraga Suli nduweni perangan struktur kapribadene kang paling onjo yaiku *superego*. Anane *id*, *ego* lan *superego* ora salaras nuwuhake masalah kajiwan paraga Suli kang arupa rasa sumelange. Rasa sumelang kaperang dadi telu yaiku rasa sumelang *neoritis*, *realistis*, lan *moralistis*. Kang paling onjo yaiku rasa sumelang *neoritis*. Lan paraga Suli migunakake cara *mekanisme pertahanan ego* kang kaperang dadi papat yaiku *rasionalisasi*, *represi*, *proyeksi*, lan *formasi*. Sistem kang paling onjo yaiku sistem *represi*.

Tembung wigati : psikologi, *superego*, *neoritis* lan *represi*

**KECEMASAN TOKOH UTAMA DALAM NOVEL NGENTENI REMBULAN  
NDHADHARI KARYA YES ISMIE SURYAATMAJA (KAJIAN PSIKOANALISIS  
SIGMUND FREUD)**

Masalah kepribadian itu pasti dimiliki setiap manusia. Masalah kepribadian setiap manusia itu bisa saja rasa kecemasan yang dimiliki. Novel dengan judul *Ngenteni Rembulan Ndhadhari* karya Yes Ismie Suryaاتمaja menceritakan perjalanan tokoh utama Suli yang mempunyai masalah kepribadian yang ada didalam jiwanya yaitu rasa kecemasan. Rasa cemas yang dimiliki tokoh Sulu bisa ada karena adanya *id*, *ego*, dan *superego* yang tidak sejalan. Tokoh utama memiliki cara dalam menghadapi rasa cemas dengan cara *mekanisme pertahanan ego*. Berdasarkan keadaan tersebut, novel *Ngenteni Rembulan Ndhadhari* anggitane Yes Ismie Suryaاتمaja akan diteliti menggunakan kajian psikoanalisis Sigmund Freud. Penelitian yang menggunakan kajian psikoanalisis Sigmund

Freud ini merupakan penelitian kualitatif deskriptif. Data dalam penelitian ini berupa kata-kata dan kalimat yang berhubungan dengan bagian dari struktur kepribadian, rasa kecemasan, dan *mekanisme pertahanan ego* tokoh utama yang diambil dari sumber data. Yaitu dari novel *Ngenteni Rembulan Ndhadhari* anggitane Yes Ismie Suryaatmaja. Data-data tersebut dikumpulkan dengan teknik studi pustaka, membaca, mencatat, dan mengklasifikasi bagian subab. Analisis data dalam penelitian ini yang digunakan yaitu deskriptif. Teori yang digunakan untuk menganalisis data yaitu teori psikoanalisis Sigmund Freud terutama tentang kecemasan. Hasil penelitian ini bisa disimpulkan bahwa tokoh Suli memiliki bagian struktur kepribadian yang paling menonjol yaitu *superego*. Adanya *id*, *ego*, dan *superego* yang tidak sejalan bisa memunculkan masalah kejiwaan tokoh utama yang berupa rasa cemas. Rasa cemas atau kecemasan bisa dibagi menjadi tiga yaitu *neoritis*, *realistis*, dan *moralistis*. Yang paling menonjol adalah kecemasan *neoritis*. Dan tokoh Suli menggunakan cara *mekanisme pertahanan ego* yang dibagi menjadi empat yaitu *rasionalisasi*, *represi*, *proyeksi*, dan *formasi*. Sistem yang paling menonjol yaitu sistem *represi*.

Kata kunci: psikologi, *superego*, *neoritis*, dan *represi*.

## PURWAKA

Rasa sumelang kang disandhang dening pawongan iku bisa digambarake sajrone karya sastra. Rasa sumelange pawongan kasebut minangka wujud saka masalah kajiwane saben pawongan. Masalah kajiwan mligine masalah kepribadene manungsa iku bisa dilebetake sajrone karya sastra. Pangripta bisa oleh gagasan iku saka lingkungan ing sakupenge. Karya sastra sing ditulis para pangripta ing jaman saiki yaiku karya sastra Jawa modern. Karya sastra Jawa modern biasane katulis ana ing majalah-majalah basa Jawa kayata majalah Jaya Baya, Djoko Lodhang, lan Panyebar Semangat. Gengre-gengre sastra Jawa modern padha karo sastra Barat, yaiku crita sambung padha karo *long story*, guritan padha karo *poem*, crita cekak padha karo *short story*, lan novel (Rass sajroning Darni, 2015:04)

Karya sastra Jawa modern kang arupa novel critane bisa dijupuk saka uripe masyarakat. Bisa nyeritakake kahanane manungsa, sipate manungsa, lan masalah

kepribadian kang disandhang dening manungsa. Novel mujudake karya sastra kang nduweni unsur jangkep awujud prosa bisa uga kasebut roman kang fiktif, kang nggambarake paraga sajrone critane. Rasa sumelang iku salah siji masalah kepribaden kang disandhang dening manungsa. Masalah kepribadene manungsa bisa ana sajrone crita novel. Pangripta nggambarake paragane kaya uga kang kang ing masyarakat. Kaya dene masalah kepribaden kang disandhang paraga utama Suli sajrone novel *Ngenteni Rembulan Ndhadhari* anggitane Yes Ismie Suryaatmaja. Novel kasebut narik kawigaten kanggo diteliti. Amarga ana sesambungane karo masalah kepribadene paraga utama kang padha critane karo panguripan kang ana ing masyarakat.

Yes Ismie Suryaatmaja salah siji pangripta kang ngripta karya sastra Jawa modern ora amung arupa novel, nanging uga ana karya sastra kang diripta. Karya sastra kasebut arupa cerkak, geguritan, lan uga

reportase. Yes Ismie nduweni jeneng asli Supratikta lan sawise dadi penulis nganti jenenge dadi Yes Ismie Suryaatmaja minangka jenenge Bapake. Crita kang ditulis nduweni sesambungan karo panguripane manungsa ing masyarakat. Karya sastra Jawa kang awujud novel iku kang kapisan irah-irahane *Mendhung* lan kang kapindho yaiku novel kanthi irah-irahan *Ngenteni Rembulan Ndhadhari*.

Novel *Ngenteni Rembulan Ndhadhari* iki nyaritakake paraga Suli kang nduweni rasa sumelang. Rasa sumelang kasebut bisa nuwuhake masalah kapribaden paraga utama yaiku paraga Suli. novel iki menehi gambaran rasa sumelange paraga Suli nalikane dheweke ana masalah kapribadene. Paraga Suli digambarake minggat saka omah lan urip ana ing kutha liya yaiku Sragen. Lan pungkasan paraga Suli bali ana ing Widodaren. Sajrone uripe paraga Suli dheweke ngadhapi konflik batin, konflik sosial lan uga masalah kajiwan kang bisa nuwuhake masalah kapribadene, saengga nuwuhake rasa sumelange nanging dheweke nduweni cara kanggo ngadhapi rasa sumelange.

Novel *Ngenteni Rembulan Ndhadhari* iki narik kawigaten panliti amerga ngandharake paroblem kajiwan kang disandhang paraga utama yaiku paraga Suli. Kajaba alasan-alasan kasebut, novel iki durung diteliti nganggo tintonan psikologi sastra, mligine psikoanalisis Sigmund Freud yaiku rasa sumelang (*kecemasan*). Psikoanalisis yaiku teori kang sesambungan karo fungsi lan perkembangane mentale menungsa, lan uga ilmu psikologi kang menehi kontribusi gedhe

lan dienggo kanggo psikologine manungsa Minderop (2013:11). Perangan Struktur kapribadene manungsa iku ana *id, ego*, lan *superego*. *Id* yaiku minangka energi psikis kang ana sajrone pamikirane manungsa kanggo kabutuhane utawa bisa wujud kecarepan kanggo mangan, turu, seks lan liya-liyane. Anane *id* bisa nuwuhake *ego*. *Ego* minangka cara kanggo ngayuh *id* supaya bisa kasunyatan. *Ego* ora dhuwe dasar moral mula saka iku kudu ana *superego*. Dene *superego* yaiku sesambungan karo nilai becik kang ana ing masyarakat. Anane *superego* iku bisa ngrendeti *id*, lan *ego*-ne manungsa (Sigmund Freud sajroning Minderop, 2013:21).

Masalah kapribadene manungsa iku jalaran tuwuh anane *Id, ego*, lan *superego*. Miturut Freud dinamika kapribadene manungsa iku ana naluri lan rasa sumelang (*kecemasan*). Rasa sumelang iku tuwuh anane *superego* kang ana sajrone dhiri pribadhine pawongan. Rasa sumelang (*kecemasan*) yaiku minangka kahanan *afektif* kang ora nyenengake lan bisa ngincim *fisik* lan *psikis*. Rasa sumelang ora bisa dititoni amerga asipat samar ananging bisa dirasakake dening manungsa (Minderop sajrone Feist lan Fast, 2010:38). Freud merang telung jinis rasa sumelang (*kecemasan*) yaiku ana rasa sumelang *realistis*, rasa sumelang neoritis lan rasa sumelang *moralistis*.

Kanggo ngadhapi rasa sumelange saben manungsa iku ana carane yaiku kanthi cara *mekanisme pertahanan ego*. Ana maneka warna *mekanisme pertahanan ego* yaiku

*represi, proyeksi, rasionalisasi, sublimasi, pengalihan, agresi, reaksi formasi, fantasi and streotype* (Sigmund Freud sajrone Minderop, 2013:13).

Adhedhasar landhesan panliten kasebut, underan panliten iki diperang dadi telu, yaiku (1) kepriye perangan struktur kapribadene paraga utama sajrone novel *Ngenteni Rembulan Ndhadhari* anggitane Yes Ismie Suryaatmaja?, (2) kepriye rasa sumelange paraga utama sajrone novel *Ngenteni Rembulan Ndhadhari* anggitane Yes Ismie Suryaatmaja?, lan (3) kepriye *mekanisme pertahanan ego* paraga utama sajrone novel *Ngenteni Rembulan Ndhadhari* anggitane Yes Ismie Suryaatmaja?.

Tujuwan panliten iki salaras karo underane panliten, yaiku (1) Ngandharake perangan struktur kapribadene paraga utama novel *Ngenteni Rembulan Ndhadhari* anggitane Yes Ismie Suryaatmaja, (2) ngandharake rasa sumelange paraga utama novel *Ngenteni Rembulan Ndhadhari* anggitane Yes Ismie Suryaatmaja, lan (3) njlelentrehake *mekanisme pertahanan ego* paraga utama sajrone novel *Ngenteni Rembulan Ndhadhari* anggitane Yes Ismie Suryaatmaja.

Panliten iki diajab duweni paedah kanggo sastra Jawa modern kanthi menahi sumbangan lan paedah kanggo perkembangan teori sastra, mligine psioanalisis Sigmund Freud lan uga menahi gegambaran rasa sumelange manungsa. Paedah liyane yaiku tumrap pamaos bisa nambah wawasan lan bisa weneh piwulangan tumrap pamaos ngenani sastra Jawa kang

sesambungan karo rasa sumelang kanthi teori psikoanalisis Sigmund Freud kanthi tingingan psikologi sastra. Paedah kang ora kalah penting yaiku tumrap donyane pendhidhikan mugiya bisa didadekake piwulangan lan bahan ajar ngenani sastra mligine psikologi sastra yaiku psikoanalisis Sigmund Freud.

#### **METHODE**

Methode kang digunakake sajrone panliten iki yaiku nggunakake metode dheskriptif kualitatif. Panliten iki nganggo metode dheskriptif kualitatif amarga objek panlitiane awujud karya sastra lan realitas kang ana ing masyarakat kang ngrembug makna-makna kang kinandhut sajrone tumindakake pawongan, perkara kang diadhepi lan cara ngadhepi perkara kang ana sajrone crita.

Sumber dhata sajrone panliten iki yaiku awujud primer lan sekundher. Sumber dhata kang awujud primer yaiku novel *Ngenteni Rembulan Ndhadhari* anggitane Yes Ismie Suryaatmaja kang terbit taun 2019. Sumber dhata sekundher saka panliten iki yaiku buku-buku ngenani panliten sastra lan uga buku-buku ngenani teori psikoanalisis Sigmund Freud. Dhata sajrone panliten iki nggunakake sumber kang asale saka dhata tulis utawa kapustaka. Sumber dhata kang digunakake panliten iki yaiku novel *Ngenteni Rembulan Ndhadhari* anggitane Yes Ismie Suryaatmaja.

Methode kang digunakake sajrone panliten iki yaiku nggunakake metode kapustakan sajrone ngumpulake dhata-dhata teks. Metode analisis dhata kang

digunakake yaiku metode dheskriptif. Metode dheskriptif yaiku metode kanthi cara ndheskriptifake kanthi objektif ngenani masalah kapribadene paraga utama kang arupa perangan struktur kapribadene paraga utama, rasa sumelange paraga utama lan uga cara ngadhepi rasa sumelange paraga utama sajrone novel kasebut.

Cara ngumpulake dhata sajrone panliten iki yaiku kanthi cara teknik pustaka, maca, nyathet lan klasifikasi. Dhata dianalisis kanthi cara dheskriptif analisis ditindakake kanthi cara nintingi perangan struktur kapribadene paraga utama, masalah kajiwan kang disandhang paraga utama mligine rasa sumelange, lan *mekanisme pertahanan ego* paraga utama, banjur ngawe dudutan saka kabeh sing wis dianalisis.

## ANDHARAN

Panliten iki ngandharake underan kang bakal dirembag, yaiku ngenani perangan struktur kapribadene paraga utama, rasa sumelange paraga utama lan *mekanisme pertahanan ego* paraga utama yen diwawas saka teori psikoanalisis Sigmund Freud.

### 1. Perangan Struktur Kapribadene Paraga Utama sajrone Novel *Ngenteni Rembulan Ndhadhari Anggitane Yes* Ismie Suryaatmaja.

Perangan struktur kapribadene manungsa miturut Freud iku ana *id*, *ego*, lan *superego*. Paraga utama Suli nduweni perangan struktur kapribadene yaiku ana *id*, *ego*, lan *superego*. Paraga utama Suli sajrone *Novel Ngenteni Rembulan Ndhadhari* anggitane Yes Ismie

Suryaatmaja nduweni *id* utawa pepenginan, *ego* minangka carane paraga utama supaya bisa ngayuh apa sing dadi *id*-ne. Nadyan nduweni *id* lan *ego* paraga Suli uga nduweni *superego* kanggo njangepi strukture, supaya apa sing dadi *id* utawa pepenginane ora nerak paugeran kang ana ing masyarakat.

#### a. *Id*

*Id* minangka perangan struktur kapribadene Suli kang tuwuh saka nalurine. *Id* kang dinduweni paraga Suli wujud saka rasa senenge dheweke lan uga kekarepan kang ana ing batine kang mung dadi pangangen-angene. Paraga Suli nduweni *id* nalikane dheweke lagi minggat saka omah, lan lagi dibonceng kancane sing jenenge Mang Gambang, dheweke kepengin uwal saka Gembong. pethikan kang nggambarake yen paraga Suli kepengin uwal saka Gembong ana ing ngisor iki:

Sepedha motor nggereng ngidul ing dalan gedhe jurusan Madiun. Ana ing boncengan, Suli kresah-kresuh. Yen dheweke mung meneng wae bisa wae dheweke bali temenan, iki ateges pepenginane kanggo ninggal omahe bakal kandhas. Wong-tuwane seneng, nanging atine Suli Remuk. Ah, ora, dheweke kudu ninggal Widodaren!. Dheweke Wis ora kepengin ketemu Gembong maneh, jalaran wong lanang kuwi natoni atine. (Suryaatmaja, 2019:5).

Pethikan ing nduwur nuduhake nalikane paraga Suli lagi dibonceng paraga Mang Gambang kancane. Suli ketemu Mang Gambang ing dalan jurusan Madiun. Suli arep diterne mulih Mang Gambang. Nanging nalikane dibonceng lan ngerti yen arep

diterne mulih tuwuh *id*-ne Suli. Pepenginane Suli uwal saka Gembong lan ora gelem mulih ing Widodaren mula Suli kresah-kresuh ing sepedha lan mikir meneng ing ndhuwur sepedha motor. Mula yen dheweke kepengin ninggal Widodaren, supaya dheweke iku bisa uwal saka Gembong. Supaya *id*-ne Suli iku bisa kawujud mula dheweke kudu nduweni *ego*. Yen *id* kasebut ora dibarengi karo *ego*-ne, Suli bakal tetep meneng wae diterne mulih Mang Gambang lan ora bisa uwal saka Gembong.

**b. Ego**

*Ego* kang dinduweni paraga Suli iku bisa tuwuh saka alam sadhare lan uga alam ora sadhar. *Ego* bisa tuwuh saka *id*. *Ego* minangka cara kanggo ngayuh apa sing dadi kekepareane. Cara kanggo ngayuh *id*-ne. Paraga Suli nduweni *id* kepengin uwal saka Gembong, yen paraga Suli kepengin kekepareane iku kawujud mula dheweke kudu nduweni *ego*. *Ego* kasebut ana nalikane *id*-ne tuwuh. Salah siji *ego* paraga Suli yaiku dheweke kepengin mudhun saka sepedha. Amarga kepengin uwal saka paraga Gembong lan ora gelem diterne mulih paraga Mang Gambang. Pethikan kang nggamabrake yen paraga Suli nduweni *ego* ana ing ngisor iki:

“Mas iki arepe menyang ngendi?”

“Hlo, kok arep menyang ngendi? Ya terang nyang dalane kono. Iki rak bener nang Ngeneng, terus mengko menggok nengen nyang Dodaren, “jawabe ali.

“Aku ora arep mulih kok.”

“Lho. Iki piye ta?!”

“Nek sampeyan arepe terus, aku tak mudhun.”

“Lho karepe sampeyan iki piye ta?”

“Pokoke aku kepengin mudhun.”  
(Suryaatmaja, 2019:5)

Pethikan ing nuduhake nalikane paraga Suli lagi dibonceng paraga Mang Gambang kancane. papan panggonan kedadean iku ana ing dalan sawise ngliwati terminal. Suli takon marang Mang Gambang arep diterne nendi. Banjur Mang Gambang ngandani yen arep diterne mulih. Suli nduweni *id* pengen uwal saka Gembong. Amarga nduwen *id* kasebut tuwuh *ego*-ne yaiku minangka cara supaya dheweke iku bisa uwal saka Gembong lan ora diterne mulih Gambang kancane.

Suli nduweni *ego* kepengin mudhun saka sepedha. Dheweke nekad kepengin mudhun saka sepedha. *Ego* iku ora nduweni nilai moral, ora peduli iku bakal nerak paugeran, sing penting apa kang dadi pepengine bisa kawujud. Suli ora peduli nadyan sepedha isih mlaku dheweke bakal mudhun saka sepeda supaya bisa uwal saka Gembong lan minggat saka omahe. Saka andharan kasebut jelas ya Suli nduweni *ego* gedhe banget. Mula dheweke ora peduli pokok kepengin mudhun saka sepeda.

**c. Superego**

*Superego* yaiku perangan struktur kapribadene paraga Suli kang nduweni nilai moral lan norma kang ana ing masyarakat. Anane *superego* bisa ngrendheti apa kang dadi *id*-ne paraga Suli, saengga dheweke ora nuwuhake *ego*-ne. *Superego* kang dinduweni paraga Suli salah sijine yaiku dheweke ora gelem nerak paugeran kang ana ing masyarakat. Pethikan kasebut bisa kagambar ana ing ngisor iki:

“Lho,...lho, nek nekad bahaya, Mbak. Kejaba tatu aku bisa kenek urusan pulisi.”

“Mula apike mandheg wae, Mas. Aku ora usah diterke bali.”(Suryaatmaja, 2019:6)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake nalikane paraga Suli lagi ana ing dalan sawise terminal Madiun. Suli dibonceng karo kancane Mang Gambang. Suli nduweni *id* pengin uwal saka Gembong mulane dheweke ora gelem diterne mulih, amerga Gambang panggah nerusake sepedhahe mlaku tuwuh *ego*-ne Suli. Dheweke kepengin mudhun sepedha, nadyan sepedhae iku isih mlaku. Dheweke bakal langsung mudhun. Paraga Mang Gambang ngandani Suli yen nekad iku bahaya, lan bakal urusan karo polisi. Amarga Suli nduweni *superego*, mula dheweke nuruti omongane Gambang lan ora mudhun sepeda langsung. Mula dheweke ngutus Gambang mandheg wae, lan ora diterne bali. Anane *superego* kasebut sing njalari *ego*-ne Suli ora bisa ditindakake langsung, dheweke mikir ndhisik sadurunge nindakake tumindake iku. Mula Suli ngutus Mang Gambang mendheg wae, lan Suli ora nekad mudhun langsung saka sepedha.

## 2. Rasa Sumelange Paraga Utama sajrone Novel *Ngenteni Rembulan Ndhadhari* Anggitane Yes Ismie Suryaatmaja.

Rasa sumelang iku minangka wujud rasa kang disandhang dening pawongan yaiku rasa kang ora tentrem ning batin lan sajrone tumindake. Manungsa sing nduweni rasa sumelang bisa rumangsa kuwatir lan ora kepenak marang apa wae sing bakal ditindakake. Rasa sumelange paraga utama

Suli bisa diperang dadi 3 yaiku rasa sumelang *realistis*, rasa sumelang *neoritis* lan rasa sumelang *moralistis*.

### a. Rasa Sumelang *Realistis*

Rasa sumelang *realistis* minangka rasa sumelange paraga utama Suli kang ana ing dhiri pribadhine. Rasa sumelang iki bisa tuwuh nalikane paraga Suli nduweni rasa wedi marang bebaya kang ana ing sakupenge. Rasa iki bisa tuwuh amarga ana bebaya sing bisa ngancam awake paraga Suli. salah siji rasa sumelang *realitise* paraga Suli yaiku nalikane dheweke lagi ana ing warung terminal. Pethikan kang nggambarake yen paraga Suli nandhang rasa sumelang *realistis* ana ing ngisor iki:

Sing nduwe sepeda motor medhun banjur mlebu warung, sarta lungguh ing sacedake Suli. lungguh srog banjur noleh, lan semune terus dadi saya kaget. Wong anyar katon iku nguceg-uceg mripate, sajak kaya ora percaya marang panyawange dhewe. Suli rumangsa risih disawang kaya mangono kuwi. Apamaneh dheweke rumangsa ora kenal karo wong sing nembe teka iku. (Suryaatmaja, 2019:3)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake nalikane paraga Suli ana ing warung lan teka wong lanang sing mlebu ing warung. Suli ora kenal wong lanang iku, nanging wong lanang iku nyedak Suli lan noleh Suli. Suli rumangsa risih disawang wong lanang sing lagi teka iku. Dheweke rumangsa ora kenal. Kadadean kang kaya mangkana iku nuwuhake rasa sumelange paraga Suli kang awujud rasa sumelang *realistis*. Suli wedi marang bebaya kang ana. Rasa risih kang disandhang Suli iku wujud saka rasa

sumelange. Rasa wedi marang lingkungan sakupenge. Apa maneh Suli ora wong sing manggon ana ing papan iku, lan wong lanang iku lungguh jejer ana ing sandhinge Suli lan ngawasi Suli lan semune ngagetake Suli. rasa kaget, rasa risihe paraga Suli minangka rasa sumelang *realitise*.

#### **b. Rasa Sumelang *Neoritis***

Rasa semelang *neoritis* yaiku rasa kang tuwuh amarga anane bebaya kang ora diweruhi awake dhewe. Rasa sumelang tuwuh saka jero batine dhewe, ora saka lingkungan sakupenge. Rasa sumelang *neoritis* kang dinduweni paraga Suli ana 5 yaiku bingung, ragu-ragu, rasa sedhih, rasa mindher lan kapikiran.

##### **a) Bingung**

Bingung iku wujud rasa sumelange manungsa nalikane dheweke nduweni pepenginan lan pamikirane ora salaras karo kahanane. Bingung kang disandhang paraga Suli iki tuwuh nalikane dheweke lagi ana ing terminal dheweke arep mlaku nendi, amarga ora ngerti papan panggonan kasebut. pethikan kasebut ana ing ngisor iki:

Isih ruwet isih jibeg atine. Suli mlangkah ngalor ninggalake terminal. Jangkahe alon ngedohi lampu-lampu kang sumunur pating krelip. Pikirane kosong, bingung arep menyang ngendi. (Suryaatmaja, 2019:1)

Pethikan kasebut nuduhake nalikane paraha Suli lagi ana ing dalan terminal sawise dheweke mudhun saka bis. Suli bingung dheweke kudu mlaku nendi. Ruwet lan jibeg atine. Kang nyebabake pamikirane kosong. Suli nduweni *id* pengin uwal saka Gembong. mula dheweke minggat saka omah, nanging

sawise tekan terminal dheweke tuwuh rasa sumelang *neoritis* yaiku rasa sing tuwuh ana ing batine lan pamikirane. Rasa sumelang kasebut yaiku rasa bingung dheweke kudu lunga nendi lan mlaku nendi, amarga dheweke ora ngerti papan panggonan kasebut lan ora kenal sapa-sapa. Saka andharan kasebut paraga Suli nduweni *id* nanging ora salaras karo pamikirane. *Id*-ne kepegin uwal saka Gembong nanging dheweke bingung kudu lunga nendi.

##### **b) Ragu-ragu**

Ragu-ragu minangka rasa sumelang *neoritis-e* paraga Suli kan tuwuh nalikane dheweke arep nindakake *id*-ne. Paraga Suli nduweni rasa sumelang iki nalikane dheweke pengin crita karo Gembong apa kang lagi disandhang dheweke, nanging Suli ragu-ragu arep crita marang Gembong. Pethikan kang nggambarake yen paraga Suli nandhang rasa ragu-ragu ana ing ngisor iki:

Suli ora enggal aweh wangsulan. Dheweke ragu-ragu, apa pantes yen dheweke nyeritakake kahaning uripe sing salugune. (Suryaatmaja, 2019:6)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake nalikane paraga Suli pengin crita marang Gambang ngenani masalah kang lagi disandhang, nanging paraga Suli ragu-ragu arep crita. Dheweke rumangsa ora pantes yen kudu crita kahanane ing wong liya. Rasa kasebut bisa tuwuh jalaran wektu iku Gambang kepingin ngeterne mulih nanging Suli ora gelem, lan dheweke nduweni *id* pengin crita nang Gambang apa kang lagi dheweke sandhang. Supaya Gambang ora ngeterne mulih dheweke ing Widodaren, nanging nalikane dheweke arep crita tuwuh rasa



sumelange yaiku rasa ragu-ragu nalikane areo crita ing Mang Gambang kancane.

**c) Rasa Sedhah**

Rasa sumelang *neoritis* kang disandhang paraga Suli yaiku ana rasa sedhah. Rasa sedhah iku bisa tuwuh nalikane manungsa kelingan utawa rumangsa ora keturunan apa kang dadi pepengine utawa kekarepane, bisa uga dheweke lagi lara ati marang wong liya. Kaya uga kang disandhang paraga Suli, paraga Suli sedhah nalikane dheweke lagi kelingan karo Gembong. Pethikan kasebut ana ing ngisor iki:

Ah, saumpama taruna iku durung duwe calon, dheweke wis mantep urip jejodhohan karo pak guru iku. Eman tekane kenya ayu ndhisik kae wis kepeksa njugarake kabeh pepengine. Mikir mengkono, Suli unjal ambegane jero, atine dadi sansaya sedhah...(Suryaatmaja, 2019:38-39).

Pethikan ing ndhuwur nuduhake nalikane paraga Suli lagi kelingan marang Gembong. Gembong iku wong lanang sing ditresnanni Suli. Dheweke kepengin nyandhing karo Gembong nanging meruhi yen Gembong iku ngawa kenya ayu atine dheweke lara ati lan njalari dheweke minggat saka omah. Eling kang kaya mangkana nuwuhake rasa sumelang *neoritis*-e Suli yaiku rasa sedhah kang ana ing ati lan batine.

Paraga Suli sedhah amarga dheweke ora bisa nyandhing Gembong lan milih minggat saka omah. Rasa sedhah iku tuwuh jalaran *id* kang dinduweni paraga Suli ora bisa kawujud. Dheweke nduweni *id* pengin jejodhohan karo Gembong nanging Gembong malah ngawa wong wadon liya.

Kahanan kang kaya mangkana kang njalari atine Suli sedhah.

**d) Rasa Mindher**

Rasa sumelang *neoritis* kang disandhang paraga Suli salah sijine ana rasa mindher. Rasa mindher iki tuwuh nalikane dheweke ora percaya marang kemampuane dheweke. Dheweke wedi yen ora bisa nindakake pakaryane dheweke lan isin marang wong liya. Rasa mindher kang disandhang paraga Suli nalikane dheweke diutus kethua kethoprak Bu Mulyana dadi paraga utama. Pethikan kang nggambarake yen paraga Suli nandhang rasa mindher ana ing ngisor iki:

“Ah, mila inggih, Bu? Kula kok kuwatos, mangke malah njuwarehi. Lha nek estu mekaten Langeng Budhaya rak saged kecalan penonton.” Suli ngomong semu mopo (Suryaatmaja, 2019:26).

Pethikan ing ndhuwur nuduhake nalikane paraga Suli diutus dadi paraga utama karo kethua kethoprak Langen Budhaya yaiku Bu Mulyana. Bu Mulyana kepengin Suli dadi rol utama. Nanging Suli ora yakin karo kemampuane. Dheweke wedi isin lan ora bisa nindakake apa kang dadi prentahe Bu Mulyana. Suli wedi yen dheweke dadi rol utama malah gawe jeneng kethoprak Langen Budhaya kecalan penonton.

Rasa mindher iku tuwuh jalaran Suli ora yakin marang awake dhewe, rasa sumelang kang disandhang Suli tuwuh saka awake dhewe. Suli rumangsa ora bisa nindakake apa kang dikarepake Bu Mulyana. Suli nduweni *id* pengin dadi seniman. Nanging yen dadi seniman kondhang iku kudu yakin karo awake dhewe, ora isin marang wong liya.

Rasa mindher kang dinduweni paraga Suli bisa ngrendheti *id*-ne.

**e) Was-was**

Rasa was-was iku bisa tuwuh kapan wae. Rasa kasebut tuwuh ana ing batin lan pamikirane manunsa. Dheweke ora nduweni rencana apa-apa, nanging rasa was-was iku tuwuh kanthi cara langsung lan ora direncanakake. Paraga Suli nandhang rasa was-was nalikane dheweke lagi lunga ana ing Tawangmangu

Ing papan liya, Suli uga krasa goreng. Dheweke ora ngerti geneya kok bisa kaya mangkono. Biasane- kaya nalika dolan menyang Tawangmangu. Atine notol kepengin cepet-cepet bali nyang pondhokan,....(Suryaatmaja,2019: 56)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake nalikane paraga Suli lagi ana ing Tawangmangu. Dheweke lagi dolan karo paraga Wijanarko. Dheweke lagi seneng-seneng karo Wijanarko, nanging ndilalah atine dheweke goreng. Dheweke ora ngerti geneya kok kepengin ndang bali mulih. rasa was-was ing atine Suli kang njalari dheweke kepengin cepet bali ing padhepokan. Rasa sumelang kang disandhang Suli njalari atine ora tentrem lan was-was. Rasa sumelang iku tuwuh saka awake dhewe, lan tuwuh dhewe nalikane Suli lagi dolan lan seneng-seneng karo Wijanarko. Suli pengin dolan lan ngolek pengalaman nanging rasa sumelange Suli iku ngrendheti pepengine lan ndadekake tumindake ora kepenak kabeh. Saengga kesusu kepengin ndang bali ing padhepokane.

**f) Kapikiran**

Kapikiran iku salah sijine rasa sumelang *neoritis* kang bisa tuwuh nalikane dheweke lagi nandhang masalah. Rasa sumelang

kasebut tuwuh nalikane *id*-ne ora bisa kawujud. Paraga Suli nandhang kapikiran karo Gembong. Pethikan kang nggambarake yen paraga Suli kapikiran Gembong ana ing ngisor iki:

Suli gedheg. Lan karo gedheg kuwi dumadakan wae wewayangane Gembong kaya katon kumlebet, kang njalari dhadhane krasa kumepyur.

.....Suli gumun, Saiki wis ana Wijanarko, nanging geneya wewayange Gembong isih bisa teka? (Suryaatmaja, 2019:71)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake nalikane paraga Suli lagi kapikiran marang Gembong. nalika iku Suli lagi ana ing kamar arep mapan turu. Dheweke nalikane arep turu tuwuh rasa sumelange, yaiku dheweke kapikiran Gembong, kumlebet wewayange Gembong ing pangen-angene. Nadyan wis ana Wijanarko Suli gumun kok dheweke isih kapikiran Gembong.

Paraga Suli tuwuh rasa sumelang *neoritis* amarga Suli iku isih nduweni rasa tresna marang Gembong. Nadyan Wijanarko seneng dheweke, Suli tetep ora bisa nglalekake Gembong. Saengga Suli isih kapikiran karo Gembong, lan sawayah-wayah bisa tuwuh rasa sumelang *neoritis*-e Suli.

**c. Rasa Sumelang *Moralistis***

Rasa sumelang *moralistis* yaiku rasa sumelang kang ana sesambungane karo norma-norma kang ana ing masyarakat. Pawongan sing nduweni rasa sumelang *moralistis* bakal tumindak luwih ngati-ati, lan tansah mikir yen tumindake iku bisa salah lan nyleweng marang aturan sing wis ana. Rasa sumelang *moralistis* kang

disandhang paraga Suli ana telu yaiku rumangsa luput, rumangsa salah, lan ora kepenak marang omongane wong liya.

**a) Rumangsa Luput**

Rumangsa luput iku bisa disebabake yen ana tumindak kang ditindakake iku nyimpang saka paugeran kang ana ing masyarakat. dheweke nduweni salah karo wong liya. Rumangsa luput uga didhasari anane norma-norma lan moral kang ana ing dhiri pribadhine pawongan kasebut. Paraga Suli nandhang rasa sumelang *moralistis* kang awujud rumangsa luput nalikane dheweke nindakake tumindak minggat saka omah. Amarga pengin uwal saka Gembong. Pethikan kang nggambarake paraga Suli rumangsa luput marang Gembong ana ing ngisor iki:

Geneya nalika iku dheweke ora bisa mikir kanthi bening? Geneya dheweke nalika iku mung nuruti kepbrongoting atine.....Suryaatmaja, 2019: 86)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake nalikane paraga Suli ana ing omahe sing ana ing Widodaren. Nalika iku, Suli lagi lungguh lengger-lengge ijen karo ngrasakake swasanane padesan. Suli kelingan Gembong, dheweke rumangsa luput karo Gembong wong lanang sing ditresnani. Suli wis minggat saka omah, lan ora takon Gembong ndhisik sapa sejatine wong wadon sing dijak ing omahe Gembong. Suli kesusu nuruti kobonge atine.

Ora amung rumangsa luput marang Gembong, dheweke uga rumangsa luput marang wong tuwane. Dheweke wis gawe kuciwa wong tuwane, lan gawe kawatir. Rumangsa lupute Suli minangka rasa

sumelange paraga Suli kang awujud rasa sumelang *moralistis*. Rasa sumelang iki tuwuh nalikane dheweke rumangsa tumindak salah, lan tumindake bisa nerak norma kang ana ing masyarakat. Minggat saka omah iku wis nerak norma kang ana ing masyarakat, mula dheweke rumangsa luput. Lan kesusu nesu karo Gembong, dheweke ora gelem takon masalah sing sejatine. Mula Suli rumangsa luput wis nuruti kobonge atine.

**b) Rumangsa Getun**

Rumangsa getun paraga Suli iku bisa kawujud nalikane dheweke wis nindakake tumindak kang salah. Sadurunge dhewe ngrasa yen dheweke iku wis tumindak salah, banjur tuwuh rasa getun amarga wis nindakake tumindak salah kasebut. Paraga Suli rumangsa getun marang tumindake sing wis salah ninggalake omah, lan wis uwal saka Gembong. Pethikan kasebut bisa kagambar ana ing ngisor iki:

Mikir mangkono Suli banjur nglokro. Dheweke banjur ngetuni anggone kesusu butarepan ndhisik kae. Geneya nalika iku dheweke ora bisa mikir kanthi beneng? Geneya dheweke nalika iku mung nuruti kobonge atine. (Suryaatmaja, 2019: 86)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake nalikan paraga Suli rumangsa getun marang tumindake sing wis ninggalake Gembong lan milih minggat saka omah. Andharan kasebut kadadean ana ing omahe Widodaren. Nalika iku Suli pengin nemoni Gembong, nanging ora ketemu amarga Gembong ana ing Yogyakarta. Ngerti kaya mangkana dheweke kelingan yen Suli pancen wis tumindak salah, mula dheweke

getun marang tumindake. Rumangsa getun iku minangka wujud rasa sumelange paraga Suli. rasa kasebut bisa tuwuh nalikane dheweke rumangsa salah lan wis nerak norma kang ana ing masyarakat. Rasa getun iku wujud saka nilai kang becik, anane rasa getun kasebut bisa nyegah dheweke tumindak salah maneh.

**c) Rumangsa Ora Kepenak Marang Omongane Wong Liya**

Rumangsa ora kepenak marang omongane wong liya iku minangka wujud saka rasa kang disandhang paraga Suli. Saben pawongan mesthi nduweni rasa ora kepenak marang wong liya. Salah siji rasa ora kepenak marang omongane wong liya kang disandhang paraga Suli nalikane paraga Suli arep dijak metu Wijanarko. Pethikan kasebut ana ing ngisor iki:

“Aku kepengin ngajak mlaku-mlaku sampeyan,”

“Ah, mbok ora usah sing nyawara ta, Mas.”

Ora! Aku temenan kok!”

“Wah, yen ngono gawat. Coba, mbok digalih sik. Yen kepengin omong-omong, apa ora luwih becik neng kene wae. Ora dicatur wong rena-rena.”(Suryaatmaja, 2019:33)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake Suli nduweni rasa ora kepenak marang omongane wong liya. Andharan ing ndhuwur kadadeane ana ing padhepokane Suli. Wayah wengi Wijanarko dolan ing padhepokane Suli lan ngajak Suli metu. Nanging Suli ora gelem. Amerga Suli wis rumangsa tumindak salah, dheweke wis ngapusi penontone yen dheweke lagi lara. Mengko yen Suli metu wong kabeh bakal ngerti yen Suli iku mbujuk. Amerga

rumangsa ngapusi, tuwuh rasa sumelange *moralistis* yaiku rumangsa ora kepenak marang omongane wong liya. Rasa sumelange Suli tuwuh amarga dheweke wis salah, lan ora pantes yen wong wadon metu bengi-bengi karo wong lanang. Rumangsa ora kepenak marang omongane wong liya bisa nyegah dheweke tumindak salah lan nerak norma kang ana ing masyarakat.

**3. Mekanisme Pertahanan Ego Paraga Utama sajrone Novel *Ngenteni Rembulan Ndhadhari Anggitane Yes* Ismie Suryaatmaja.**

*Mekanisme pertahanan ego* iku minangka cara kanggo ngadhepi rasa sumelange paraga utama Suli. *Mekanisme pertahanan ego* kang dinduweni paraga Suli ana papat yaiku *rasionalisasi*, *represi*, *proyeksi* lan *formasi*.

**a. Rasionalisasi**

*Rasionalisasi* yaiku cara kanggo ngadhepi rasa sumelange paraga Suli. *Rasionalisasi* ditindakake kanthi cara dheweke menahi semangat ing awak dhewe, supaya bisa nindakake apa kang dadi *id*-ne. Cara *pertahan ego* iki bisa ngurangi rasa gelane nalikane dheweke ora bisa ngayuh *id*-ne. Salah siji cara paraga Suli kanggo ngadhepi rasa sumelange kanthi cara *rasionalisasi* yaiku nalikane dheweke pengin dadi seniman. Nanging Suli isin lan wedi arep ngomong ing Bu Mulyana minangka kethu kethoprak Langen Budhaya. Pethikan kasebut ana ing ngisor iki:

Nanging kadidene kethoprak kondhang, apa iya Langen Budhaya

gelem nampa dheweke? Ah, ditulak kuwi rak prekara lumprah. Dadi, ya ora perlu isin-isin. Mula kalah cacak menang cacak, Suli banjur ngomong terus terang, apa Bu Mulya gelem nampa dheweke (Suryaatmaja, 2019:16)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen paraga Suli nduweni cara kanggo ngdhepi rasa sumelange. Paraga Suli menahi semnagat lan yakin marang awake dhewe, yen dheweke iku mesthi bisa ngomong ing Bu Mulyana. Suli ngomong ing njero atine, yen dheweke kudu wani ngomong, supaya *id*-ne bisa kawujud. Sawise Suli yakin lan rasa sumelange iku ilang dheweke banjur ngomong ing Bu Mulyana. Rasa sumelange Suli bisa diadhepi kanthi cara *mekanisme pertahanan ego* kanthi cara rasionalisasi, yaiku menahi keyakinan ing awake dhewe.

#### **b. Represi**

*Represi* minangka perangan saka *mekanisme pertahanan ego* kang dinduweni paraga Suli kanggo ngadhepi rasa sumelange. *Represi* ditindakake kanthi cara dheweke ngomong marang wong liya ngenani kahanane, rasa kang dirasa supaya dheweke bisa ditrima wong liya. Lan rasa sumelange bisa ilang saengga *id*-ne bisa kawujud. Salah siji cara ngadhepi rasa sumelange kanthi cara *represi* yaiku nalikane Suli akeh tamu lan dheweke rumangsa kesel lan ora bisa istirahat. Suli ngresula marang Bu Mulyana. Pethikan kasebut ana ing ngisor iki:

Prekara akehe tamu kuwi, Suli pancen sambat marang Bu Mulyana. Merga akeh tamu, dheweke terus rumangsa yen wektune kanggo ngaso

dadi kurang ombor (Suryaatmaja, 2019:31)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen paraga Suli lagi matur marang Bu Mulyana minangka kethua kethoprak Langen Budhaya. Suli matur yen Suli rumangsa wektune kanggo istirahat kurang. Dheweke kesel yen saben dina kudu nemoni tamune. Rasa sumelange Suli yaiku Suli wedi yen ora ana wektu kanggo istirahat. Kanggo ngadhepi rasa iku mula Suli matur marang Bu Mulyana supaya ora akeh tamu sing kudu ditemoni. Tumindakake paraga Suli iku minangka cara kanggo ngadhepi rasa sumelange.

#### **c. Proyeksi**

*Proyeksi* minangka cara kanggo ngadhepi rasa sumelange paraga utama Suli. *Proyeksi* ditindakake kanthi cara ngapusi pawongan kasebut, supaya bisa nrima apa kang dadi alesane pawongan kasebut. cara kasebut kanggo nutupi tumindak sing salah lan kanggo ngilange rasa sumelange. Paraga Suli nganggo cara *proyeksi* nalikane dheweke sumelang yen dheweke ora bisa main maksimal lan elek maine. Mula Suli nganggo cara iki. Pethikan kang nggambarake paraga Suli nganggo cara *proyeksi* kanggo ngadhepi rasa sumelange ana ing ngisor iki:

:Anu, Mbak, tulung aturana marang Bu Mul, bengi iki aku gak melu main....?

“Lho?!” Wardini Njumbul.

“Aku lemes, Mbak, saumpama main ya percuma. Mainku elek lan Langen Budhaya malah ambleg.”  
(Suryaatmaja, 2019:65).

Pethikan ing ndhuwur nuduhake nalikane paraga Suli lagi omong-omongan karo

kancane Waridini. Paraga Suli ngutus Wardini matur marang Bu Mulyana, yen dheweke ora bisa melu main kethoprak wengi iki. Paraga Suli nindakake tumindak iki kanggo nutupi rasa sumelange, dheweke lagi sedhih. Yen Suli meksa main dheweke sumelang bakal main ora maksimal lan elek. Mula kanggo ngadhepi rasa sumelange iku Suli ngutus Wardini supaya mbujuk ing Bu Mulyana yen Suli lagi lara. Cara kang ditindakake Suli iku ditindakake kanthi cara *proyeksi* yaiku ngapusi wong liya supaya rasa sumelange bisa ilang.

#### **d. Reaksi Formasi**

*Pertahanan ego* kang pungkasan kang digunakake paraga Suli kanggo ngadhepi rasa sumelnage yaiku kanthi cara *reaksi formasi*. *Reaksi formasi* minangka cara kanggo ngadhepi rasa sumelange kanthi cara nolak tumindak ala, lan supaya ora nerak paugeran kang ana ing masyarakat. Salah siji *reaksi formasi* kang dienggo Suli kanggo ngadhepi rasa sumelange yaiku nalikane dheweke dijak metu Wijanarko. Pethikan kasebut ana ing ngisor iki.

“Aku percaya. Nanging becike awake dhewe ra sah metu wae. Nek Mas Wie kersa ya ana kene wae. Nek kepengin dhahar mengko rak ana bakul liwat. Sak kersa, kepengin mie apa sego goreng? Utawa mbok menawa Mas Wie seneng sate ayam?” ujare Suli. (Suryaatmaja, 2019: 70).

Pethikan ing ndhuwur ngandharake yen paraga Suli nduweni cara kanggo ngadhepi rasa sumelange. Paraga Suli sumelang amerga dadi omongane wong liya. Wektu iku Wijanarko dolan ing padhepokane Suli, lan

ngajak metu Suli. Saka iku tuwuh rasa sumelange, dheweke rumangsa ora kepenak dadi omongane wong liya. Kanggo ngadhepi rasa sumelange iku Suli kudu nolak Wijanarko, dheweke ora gelem metu lan dolan. Supaya rasa sumelange bisa ilang. Cara kasebut minangka *pertahanan ego*-ne Suli yaiku kanthi cara *reaksi formasi*. Yaiku nolak tumindak sing bisa nerak paugeran lan norma kang ana ing bebrayan.

## **PANUTUP**

### **Dudutan**

Dudutan panliten iki nuduhake menawa paraga Suli nduweni peragan struktur kapribane yaiku ana *id*, *ego*, lan *superego*. Perangan struktur kapribadene paraga Suli kang paling onjo yaiku *superego*. Anane *superego* kang gedhe nuwuhake rasa sumelange paraga Suli. Rasa sumelange paraga Suli ana telu yaiku rasa sumelang *realistis*, *neoritis*, lan *moralistis*. Rasa sumelange paraga Suli kang paling onjo yaiku rasa sumelang *neoritis*. Rasa sumelange kang awujud *neoritis* kang disandhang paraga Suli awujud rasa ragu-ragu, bingung, rasa mindher, was-was, lan kapikiran.

Rasa sumelang kasebut bisa ngribeti tumindak lan *id,ego*-ne paraga Suli. mula rasa sumelng kang gedhe iku ora becik. Supaya ora ngribeti tumindak lan *id,ego*-ne Suli, kudu nduweni *mekanisme pertahanan ego*. Paraga Suli nduweni *pertahanan ego* kanggo ngadhepi rasa sumelange yaiku kanthi cara *rasionalisasi*, *represi*, *proyeksi*, lan *reaksi formasi*. *Pertahanan ego* kang paling onjo

yaiku *represi* kanthi cara ngomong marang wong liya supaya rasa sumelange bisa diadhepi.

#### ATUR PISUNGSUN

Puji syukur kula aturaken dhumatheng Gusthi Allah ingkang tansah paring rahmad saengga kula saged ngangsu kawruh lan saged ngrampungaken panliten kula. Kula aturaken matur nembah nuwun dhumateng Prof. Dr. Hj. Darni, M.Hum minangka Dosen Pembimbing kula, ugi Bapak Drs. H. Bambang Purnomo, M.S lan Bapak Latif Nurhasan, S.Pd.,M.Pd minangka dosen penguji kula. Bapak Dr.Surana, S.S.,M.Hum minangka pangarsa Jurusan Pendhidhikam Basa lan Sastra Dhaerah. Mboten kesupen kula aturaken matur nembah nuwun dhumateng bapak lan ibu kula lan ugi kanca-kanca ingkang sampun paring kula semangat, motivasi, lan donga.

#### KAPUSTAKAN

- Alwisol. 2008. *Psikologi Kepribadian (Edisi Revisi)*. Malang: UPT Penerbitan Universitas Muhammadiyah Malang
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: FBS UNY. Metode Penelitian Psikologi Sastra. 2008. Yogyakarta: MedPress.
- Endraswara. 2008. *Metode Penelitian Psikologi Sastra*. Yogyakarta. IKAPI.
- Endraswara. 2011. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta. Pustaka Widyatama.
- Eagleton. Terry. 2006. *Teori Sastra: Sebuah Pengantar Komprehensif*. Yogyakarta. JALASUTRA.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Teori, Metode dan Teknik "Penelitian Sastra"*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2004. *Teori Metode dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Belajar.
- Minderop Albertine. 2013. *Psikologi Sastra: Karya Sastra, Metode, Teori, dan Contoh kasus*. Jakarta: Pustaka Belajar.
- Darni. 2015. *Kekerasan Terhadap Perempuan Dalam Fiksi Jawa Modern: Kajian New Historicism (sebuah kritik sastra)*. Surabaya. UNESA UNIVERSITY PRESS.
- Freud, Sigmund. *Memperkenalkan Psikoanalisa (Terjemagan K. Bertens)*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.
- Feist, Jess & Gregory J. Fast. 2010. *Teori Kepribadian Theories of Personality* Edisi, Jakarta: Salemba Humanika.
- Hutomo, Suripan Sadi. 1975. *Telaah Kesusastraan Jawa Modheren*. Jakarta: Pusat Pengembangan dan Pembinaan Bahasa.
- Muis, Saludin. 2009. *Kenali Kepribadian Anda Dan Permasalahannya Dari Sudut Pandang Teori Psikoanalisa*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Nurdiyanto, Burhan. 2010. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta. Gajah Mada University Press.
- Siswantoro. 2005. *Metode Penelitian Sastra : Analisis Psikologis*. Surakarta: Muhammadiyah University Press.
- Suryaatmaja, Yes Ismie. 2019. *Ngentheni Rembulan Ndhadhari*. Sleman: Azzagrafika
- Syamsyu Yusuf, dkk. 2007. *Teori Kepribadian*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.
- Teeuw, A. 1984. *Sastra dan Ilmu Sastra. Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Dunia Pustaka Jaya.
- Wellek, Rene, dan Austin Warren. 1995. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: Gramedia.